

FICH ENFÒMASYON TACH BAKTERYEN (TACH NWA) SOU TOMAT

Ken Pernezny ak Shouan Zhang¹
Joubert Fayette ak Margareth Divers² adapte dokiman sa

Pseudomonas syringae pv. *Tomato* ki lakoz tach bakteryen (tach nwa) sou tomat, se yon maladi ki kòmanse bay mache pwodwisyon tomat (frèch) la gwo pwoblèm. Yo obsève maladi sa nan zòn La Tremblay, Kwadèboukè. Maladi sa fasil pou konfonn ak lòt maladi bakteryen ki pi komen yo (nan plant).

Sentòm

Tantativ pou dyagnostike tach bakteryen (tach nwa) nan jaden ka fèt pi byen pandan w ap enspekte sentom ki sou fwi yo ak anpil swen.

Tach bakteryen sou fwi vèt yo tou piti, tou nwa, anfonse nan fwi a epi ansèkle ak yon tras vèt fonse (Imaj 1).

Lè fwi yo mi, tach yo gen yon koulè ki ant mawon fonse ak nwa epi yo rete sou anlè (pati sipèfisyèl) po fwi a, (Imaj 2).

Sentom tach bakteryen sou fèy tomat yo pi difisil pou distenge pase lòt maladi ki touche fèy sa yo. Se yon seri lezyon (mak) nwa ki ansèkle ak yon tras klowotik (jòn) ki byen parèt (Imaj 1). Tras/Kouwòn sa laj, yo mezire anviwon 2 fwa gwo zòn ki malad (oswa tach) li antoure a.

Lezyon (mak) ki nan tij yo gen yon koulè ki varye ant mawon fonse ak nwa epi yo gen fòm oval alonje.

Epidemyoloji

Tach bakteryen (tach nwa) an devlope pi byen nan kondisyon anviwonman ki frèt ak imid (on jan mouye). Bakteri ki pi vyolan yo pwopaje pwopaje mekanikman epi ak lapli ki vini ak van. Maladi a devlope rapidman nan yon tanperati ki mezire 23° (degre) C. Sepandan, devlopman maladi a gentan parèt aklè depi nan tanperati ki mizire 17° C. A 32° F (0° C), patojèn yo apovri (redwi) nan yon nivo ba kote menm sentom tipik yo pa parèt/pa vizib.



Imaj 1. Mak ak tach nwa sou fwi ki mi. Kredi: UF/IFAS

¹Ken Pernezny, pwofesè retirete, Depatman Maladi Plant UF/IFAS Sant Rechèch ak Edikasyon nan Everglades; and Shouan Zhang, pwofesè asosye, Depatman Maladi Plant UF/IFAS Sant Rechèch ak Edikasyon Twopikal; UF/IFAS Vilgarizasyon Agrikòl, Gainesville, Floride 32611.

²Dokiman #PP-10, ki pwodui pa UF/IFAS electronic data information source (EDIS), te tradui e adapte pa Joubert Fayette, Ph.D., fè pati de ekip kap pilote pwogram rechèch Fitopatoloji (maladi plant yo), ak Margareth Divers, technicienne de laboratoire de pathologie des plantes du projet Feed the Future Haiti Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA).

Tank fèy tomat yo rete mouye, se tank popilasyon bateryen an ap atenn nivo ki sifizan ki ka lakoz domaj ou ka wè (ki vizib) sou fèy la. Sitiyasyon kote fèy plant yo rete mouye pou 6 èdtan san kanpe ap favorize devlopman tach bakteryen.

Epidemi tach bakteryen (tach nwa) ki pase deja yo, jeneralman lye ak peryòd ki gen anpil lapli ak tanperati ki ba. Ou ka plis jwenn kondisyon sa yo nan tèt mòn an Ayiti ki resevwa anpil lapli oswa nan sezon frede nan lòt zòn. Chak fwa menm kondisyon sa yo retounen, nou ka deja prevwa epidemi tach bakteryen yo ap tounen tou.

Yon ti kantite nan Pseudomonas syringae pv. Tomato a ka siviv nan sezon ete sou sifas kèk pye tomat volontè (pye tomat ki pouse poukont yo apati tomat ki te tonbe) Pa gen twòp chans pou li siviv nan sòl la nan sezon sa.



Imaj 2. Lezyon Antraknoz genyen mas spò (fòm bag) ki gen koulè somon.

Kontwòl

Yo dwe detwi rès tomat (oswa moso tomat) ak pye tomat ki leve/pouse poukont yo pou ka elimine posiblite pou gen bakteri sou sifas plant yo. Kòm kantite plant ki sevi kòm espas akèy pou bakteri *Pseudomonas syringae pv. Tomato* la pa anpil, evite fè doub rekòt tomat nan jaden yo ka ede kontwòl pès sa.

Kite anpil espas ant plant tomat yo ka ede redwi pwopagasyon maladi sa pandan lap ede redwi posiblite pou fèy yo rete mouye nan peryòd imidite (lapli/lawouze).